

Sa Moun New York yo Dwe Konnen sou Magazen ki Vann Tabak, Sigarèt Elektwonik ak Kanabis nan Vil New York

Depatman Sante NYC konprann kè sote moun yo genyen pou kantite magazen k ap vann tabak, sigarèt elektwonik ak kanabis (marigwana) nan NYC, san wete kantite magazen ki pa gen lisans oswa k ap vann pwodui ilegalman, sitou bay jèn moun yo. Dokiman sa a defini kèk lwa ki gen pou wè ak lavant pwodui tabak, sigarèt elektwonik ak kanabis ak sa pou fè si w wè yon pwoblèm.

Ki lwa NYC ak Eta New York (New York State, NYS) genyen sou zafè vann pwodui tabak ak pwodui sigarèt elektwonik?

- Magazen yo bezwen yon lisans pou yo vann pwodui tabak oswa pwodui sigarèt elektwonik.
- Anplis lòt règ yo, men sa magazen yo **pa** otorize fè:
 - Yo pa otorize pou yo vann okenn pwodui sigarèt elektwonik awomatize **ni** vann pwodui tabak ki gen gou ki pa gou mant oswa mantole.
 - Yo pa otorize pou yo vann sigarèt pa grenn ("grenn sigarèt"/"loosies").
 - Yo pa otorize pou yo vann moun ki poko gen 21 lane.
- Magazen ki vann tabak ak magazen ki vann sigarèt elektwonik ki nan yon distans 500 pye (apeprè de (2) ti blòk) ak yon lekòl pa otorize pou yo afiche piblisite pou tabak oswa sigarèt elektwonik, pwodui oswa ekipman nan vitrin yo oswa sou pòt yo.
- Pou w jwenn plis enfòmasyon sou lwa sou tabak ak sigarèt elektwonik, ale sou nyc.gov/health epi chèche "[tobacco laws](#)" (lwa sou tabak).

Ki lwa NYS genyen sou zafè lavant kanabis?

- Dispansè yo bezwen yon lisans NYS pou yo vann pwodui kanabis yo. Dispansè ki gen lisans yo vann pwodui yo teste nan yon laboratwa.
- Dispansè ki gen lisans yo ta dwe genyen nan vitrin yo yon Zouti Verifikasyon Dispansè ki gen koulè sasèl epi ki gen yon kòd QR sou li ki voye w nan yon lis tout dispansè ki gen lisans yo. Ou kapab jwenn li nan lyen sa a tou cannabis.ny.gov/dispensary-location-verification.
- Dispansè yo pa otorize pou yo afiche pwodui kanabis oswa imaj pwodui kanabis nan vitrin yo.
- Kanabis sèlman legal pou granmoun ki gen 21 lane oswa plis yo itilize.
- Dispansè ki gen lisans yo pa otorize pou yo nan yon distans 500 pye ak yon lekòl oswa 200 pye ak yon tanp adorasyon.
- Pou w jwenn plis enfòmasyon sou lwa sou kanabis, ale sou cannabis.ny.gov.



Kisa mwen kapab fè pou pwoblèm lavant tabak, sigarèt elektwonik oswa kanabis nan katye mwen an?

- Ajans minisipal yo enspekte plizyè milye magazen chak ane. Plent yo ede ajans yo reyaji ak planifye aktivite ki ka gen ladan yo aplikasyon lalwa, edikasyon oswa chanjman politik.

- Pou w depoze yon plent pou lavant tabak oswa sigarèt elektwonik, rele **311** oswa ale sou nyc.gov/311 epi chèche "[tobacco sale complaint](#)" (plent pou lavant tabak) oswa "[e-cigarette sale complaint](#)" (plent pou lavant sigarèt elektwonik).
 - Lè w pataje foto nan plent ou an, sa kapab ede enspektè yo jwenn magazen an ak pwoblèm yo.
 - Si w pataje enfòmasyon pou pran kontak ou, w ap resevwa enfòmasyon sou plent ou an.
 - Ou kapab depoze yon nouvo plent chak mwa si pwoblèm nan pa rezoud. Men, pa bliye si se yon avi pou enfraksyon ou bay, odyans lan ka pran yon ti tan anvan li fèt. Si yo jwenn magazen an koupab, yo ap fè li peye amann oswa l ap tonbe anba lòt sanksyon.
- Pou w depoze yon plent pou lavant kanabis, voye yon imèl nan smokeshopcomplaints@sheriff.nyc.gov oswa rele **311**.

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon sou danje tabak, sigarèt elektwonik ak kanabis?

- Sigarèt elektwonik yo kapab mete moun New York yo an kontak ak yon bon valè nikotin ki ka fè yo adikte ansanm avèk pwodui chimik danjere ki bay kansè. Epiou, nikotin ak kanabis kapab afekte devlopman sèvo yon jèn moun, san wete memwa li, konsantrasyon li, kapasite aprantisaj li ak sante mantal li.
- Pou w jwenn plis enfòmasyon, tankou resous sou fason pou w pale ak jèn moun yo sou pwodui sa yo, ale sou:
 - nyc.gov/health epi chèche "[e-cigarettes](#)" (sigarèt elektwonik)
 - nyc.gov/health/cannabis
- Si w bezwen èd pou konsome kanabis oswa lòt sibstans, rele oswa voye mesaj tèks nan 988 oswa tchat nan lyen sa a nyc.gov/988. Sèvis mesaj tèks ak tchat yo disponib nan lang Anglè ak Panyòl, epi konseye sikolojik yo disponib nan telefòn 24 sou 24, 7 jou sou 7 nan plis pase 200 lang.
- Pou w jwenn èd pou fimen oswa itilize sigarèt elektwonik, ale sou nyc.gov/nycquits.

10.24 Haitian Creole